# Өзбекстан аймағында және жер силкиниў бақланды

Betti PDF ta'rizde ju'klep ali'w (52 Kb) Versiyasi' Betti doc ta'rizde ju'klep ali'w (52 KB)



Кеше 10-май күни саат 19:08 де және жер силкиниў бақланды. Бул туўралы Өзбекстан Республикасы Айрықша жағдайлар министрлиги хабар берди. АЖМ Сейсмопрогностик мониторинг Республикалық орайы берген мағлыўматқа қарағанда жер силкиниў ошағы Ташкенттен 534 километр арқа-шығыста Аўғанстан аймағында жүз берген. Орайда оның  магнитудасы 6 балды қурады.

Жер силкиниў күши Ташкент,  Ферғана,  Гүлистан Жиззақ,  Самарқанд ўәлаятларында 3 баллды,  ал Сурхандәрья ўәлаятының орайы Термизде 4 баллды қурады.

Апат ҳәм жәбирленгенлер туўралы мағлыўматлар жоқ.

Еслетип өтемиз,  Өзбекстан аймағында соңғы мәрте 9-май күни жергиликли ўақыт пенен 15: 44 те жер силкиниўи бақланған,  оның магнитудасы 6, 2 баллды қурағаны,  Өзбекстанда болса шама менен 3 балл әтирапында болғаны сөз етилген еди. Усы жер силкиниў Ташкент,  Наманган,  Әндижан,  Ферғана,  Гүлистан,  Жиззақ,  Самарқанд,  Термиз ҳәм Қаршыда сезилген.

Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң Мәлимлеме хызмети

Sa'ne: 11.05.2018 08:11, ma'rte ko'rip shi'g'i'ldi'